

Byenveni nan lekòl yon lòt fwa!

Chè fanmi,

Nou kontan wè w ankò! Mwen kontan anpil pou kòmanse ane lekòl 2025-2026 la, epi mwen swete oumenm tou ou kontan. Antan yon edikatè ak yon paran, mwen fè anpil eksperyans premye jou lekòl—men premye jou lekòl sa a gen yon siyifikasyon espesyal pou mwen, paske se premye “premye jou lekòl” mwen kòm Chanselye. Nou gen anpil bagay pou nou akonpli ansanm kòm kominote ane sa a, epi mwen pa ka tann pou m kòmanse.

Premyèman, nou pral kontinye elaji inisyativ enpòtan nou yo: NYC Reads, NYC Solves, Student Pathways, ak NYCPS Cares. NYC Reads ak NYC Solves, ki reimajine ansèyman alfabetizasyon (literacy) ak matematik, pral nan 186 lòt lekòl, epi pwogram FutureReadyNYC nou an, ki ofri chemen karyè ki gen anpil demand pou elèv lekòl segondè nou yo, pral nan 50 lòt lekòl anplis. NYCPS Cares, inisyativ ki pi resan nou an, gen kòm objèktif pou kreye yon anviwònman k ap bay sipò nan kominote nou yo; nan kad travay sa a, nou te lanse kanpay kont entimidasyon ak itilizasyon sigarèt elektwonik (vaping) elèv ap dirije, ansanm avèk yon pwogram ki rele Lyezou pou fanmi (Family Connectors), kote manm fanmi ak volontè nan kominote a ede lòt fanmi jwenn aksè nan resous vil la.

Inisyativ sa yo deja gen yon enpak—gade rezilta egzamen leta 2025 nou yo, ki montre gwo pwogrès ni nan lekti ni nan matematik. Pousantaj elèv ki fè nòt “konpetan” nan 3yèm ane rive 8yèm ane ogmante 7.2 pwen nan alfabetizasyon ak 3.5 pwen nan matematik, ki vin pi gwo pousantaj konpetans nou nan matyè sa yo depi 2012. Mwen fyè-de elèv, estaf ak fanmi nou yo anpil paske fason yo travay di ak angajman yo reflète dirèkteman nan rezilta sa yo. Nou sètènman gen plis bagay pou nou fè, men amelyorasyon sa yo montre nou sou bon chemen an.

Ane sa a, n ap ranfòse pwogrès sa a lè nou mete aksan sou kiryozi entelektyèl ak rigè akademik, fè bonjan diskisyon, bonjan refleksyon, ak kreye anpil moman reyalizasyon toudenkou. N ap aplike tou nouvo lwa Eta a ki entèdi elèv itilize aparèy pèsònèl ki konekte nan entènèt pandan jounen lekòl la, sa ki pral ede diminye distraksyon pou elèv ka angaje yo tout bon nan aprantisaj. Kreye lanmou pou aprantisaj nan elèv nou yo se yon eleman enpòtan nan akonplisman misyon nou an: bay elèv yo konesans, konpetans, ak konfyans pou yo reyisi nan karyè ak nan kominote yo.

Mwen kontan anpil pou mwen kòmanse pakou sa a avèk ou kòm patnè mwen. M ap remèsye estaf, fanmi ak lidè paran nou yo, ak tout kominote Lekòl Leta Vil Nouyòk nou an pou devouman nou anvè elèv nou yo. Mwen swete w yon bon premye jou lekòl ak yon ane enkwayab!



Nan kolaborasyon,

Melissa Aviles-Ramos
Chanselye